# Қарақалпақстанлы фермер ҳаял "Йил аёли – 2021” республика таңлаўында Гран При жеңимпазы болды

Ташкент қаласында "Нафосат", "Гендер тенглик фаоли" ҳәм "Йил аёли" миллий көрик таңлаўларында жеңимпаз болған қатнасыўшыларды сыйлықлаў мәресими болып өтти.

Онда Қарақалпақстан Республикасы Кегейли районындағы "Арзыў" фермер хожалығы баслығы Салиева Палзада Гран При жеңимпазы болып, Президент саўғасы Ласетти (Gentra) автомашинасы менен сыйлықланды.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Қарақалпақстан Республикасынан дизайнер Дилназ Адилчаева ҳәр түрли шөлкемлерде мийнет етип атырған ҳаял-қызлардың кийиниў мәдениятын жәнеде жетилистириў, олар арасында миллий ҳәм заманагөй, менталитетимизге сәйкес кийимлерди кеңнен үгит-нәсиятлаўда қосқан үлеси ушын «Нафосат» таңлаўы жеңимпазлары қатарынан орын алды.

Image not found or type unknown

Соның менен бирге гендер теңликти үгит насиятлаўға қаратылған "Ең жақсы радио бағдарлама" номинатсиясы бойынша Қарақалпақстан телерадиоканали бас редакторы Нурбекова Гулназ Азатовна жеңимпаз деп табылды.

Image not found or type unknown

ҚР Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети